THE DEPARTMENT OF EARLY EDUCATION AND CARE
SUBSIDIZED CHILD CARE
VERIFICATION OF DISABILITY/SPECIAL NEED OF PARENT RENEWAL COVER LETTER
SWEN POU TIMOUN SIBVANSYONE
VERIFIKASYON ANDIKAP/BEZWEN ESPESYAL RENOUVÈLMAN PARAN LÈT KOUVÈTI

POU ENFÒMASYON SÈLMAN– TANPRI PA RANPLI FÒMILÈ KI TRADUI A

Chè Paran:

Department of Early Education and Care (EEC) se Ajans Responsab nan Leta a ki responsab pou administre Fon Devlopman Swen Timoun nan (*Child Care Development Fund*) (CCDF), ki se yon sibvansyon blòk federal ki founi èd finansye pou fanmi ki gen revni ki ba, ki travay, k ap chache bon kalite edikasyon bonè ak pwogram swen deyò lè lekòl nan Massachusetts. Règleman Federal ak leta yo etabli limit maksimòm pou revni kay e yo egzije Paran yo patisipe nan yon aktivite bezwen sèvis ki apwouve, ki enkli travay, edikasyon oubyen pwogram fòmasyon.[1]

Nou kapab founi Èd Finansye, pou swen timoun, bay fanmi nan Massachusetts ki satisfè kritè elijibilite selon revni EEC epi ki konfime ke y ap patisipe nan yon aktivite sèvis ki apwouve swa travay, edikasyon ak/oswa fòmasyon. Ou te otorize pou swen pou timoun sibvansyone avan baze sou yon andikap/bezwen espesyal.

Ansanm ak lèt sa a se fòmilè verifikasyon Andikap/Bezwen Espesyal Paran an. Si w ap mande swen pou timoun sibvansyone w apwouve baze sou andikap/bezwen espesyal ou, fok nou konfime andikap/bezwen espesyal ou epi fok pratikan swen medikal apwopriye a ranpli fòmilè verifikasyon siplemantè a epi founi yon lèt siplemantè ki adrese tout pwen yo ki endike nan kesyon 9. **FOK** ou remèt fòmilè a bay:

The Financial Assistance Unit
Department of Early Education and Care
50 Milk Street, 14th Floor
Boston, MA 02109
oubyen voye l pa faks nan 617-988-2451

Fok EEC resevwa fòmilè verifikasyon an ak lèt siplemantè a omwens 8 semèn avan dat otorizasyon aktyèl ou fini. Yon fwa EEC resevwa li yo pral revize li epi fè yon detèminasyon pou elijibilite w. Kat semèn avan otorizasyon aktyèl ou fini, EEC pral afime oubyen refize elijibilite kontinyèl ou pou resevwa swen timoun ak yon bezwen sèvis de andikap/bezwen espesyal.

Si EEC apwouve w pou w resevwa yon lòt otorizasyon 12 mwa, fok ou tounen kote Administratè Sibvansyon w pou yo ba w yon nouvo otorizasyon. Si EEC PA apwouve otorizasyon an, plasman swen w pral fini nan dènye jou otorizasyon aktyèl ou sof si w founi dokimantasyon de yon lòt bezwen sèvis ki akseptab.

Si w ta gen nenpòt kesyon sou fòmilè sa a, ou te mèt kontakte Financial Assistance Unit nan EEC nan 617-988-6600.

Sensèman,
Department of Early Education and Care

[1] Gade 45 CFR 98.20 ak 606 CMR 10.04.